



Pou Piblikasyon Imedya: 29/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU PANDAN ANPIL NÈJ AK GWO VAN KONTINYE AFEKTE REJYON SID ETA YO JODI A

Eta dijans lan kontinye pou Konte Bronx, Kings, Nassau, New York, Putnam, Queens, Richmond, Rockland, Suffolk, ak Westchester; Avètisman pou tanpèt nèj anvigè pou Konte Suffolk

Yo prevwa anpil nèj ap kontinye jiska jodi a pou Long Island, Vil New York ak rejon Mid-Hudson yo ak akimilasyon jiska 12 pouz posib nan Vil NY ak jiska 24 pouz posib nan Long Island

Gouvènè Hochul avèti Nouyòkè yo pou yo rete iwen wout yo pou pèmèt ekip ijans yo travay nan tout sekirite

Sèvis Long Island Rail Road la sispann nan tout anbranchman yo; Diminisyon vitès ak restriksyon sou kamyon anplas pou Long Island Expressway ak Parkway yo

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te bay Nouyòkè yo mizajou sou tanpèt ivè k ap efekte rejon sid eta a aktyèlman ak anpil nèj ak gwo van. Gouvènè Hochul te deklare yon Eta Dijans nan vandredi 28 janvye, akoz yo te prevwa yon tanpèt kotye t ap rive ki pote anpil nèj ak van k ap soufle an rafal nan kèk pati nan Long Island, Vil New York, ak nan zòn anba Hudson Valley.

Kèk kote nan Long Island te deja genyen to chit nèj de pouz pa èdtan, ak to yo k ap kontinye oswa k ap ogmante nan entansite jiska fen apremidi sa. Rafal van ki depase 97 kmph pa moman asosye ak gwo chit nèj ap afekte deplasman nan kote sa yo epi ta ka lakoz koupi kouran potansyèlman. Gouvènè Hochul te avize Nouyòkè ki nan kote ki afekte yo pou yo rete lakay yo epi evite deplasman, amwenke sa nesesè.

"Jiskaprezan, n ap obsève egakteman previzyon ki te prevwa a - anpil nèj nan yon peryòd tan ak rafal van k ap rann li difisil pou deplasman pandan tout rès jounen an, espesyalman nan Long Island," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sekouris ijans yo deja deplwaye nan zòn kote yo prevwa pi plis nèj yo, epi yo pare pou ede nan efò repons entèvansyon lokal yo. Faz ki pi danjere tanpèt la se kounye a, alò, tanpri, kontinye evite deplasman ki pa nesesè pandan ekip nou yo ap travay pou netwaye wout yo.

Sonje kenbe yon lèy sere sou previzyon lokal yo pou dènye mizajou, epi verifye sou pwòch ak vwazen ou pou asire ke tout moun an sekirite."

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta a (Division of Homeland Security and Emergency Services), Jackie Bray, te deklare, "Nou toujou ap prevwa anpil nèj jodi a nan kèk pati nan Long Island ak Vil New York, kidonk li enperatif pou rete lakay nou epi kite sekouris ijans yo fè sa yo dwe fè pou kenbe nou tout an sekirite. Kondisyon tankou tanpèt nèj ap pèsiste pandan tout jounen an, alò abiye an kouch epi limite ekspozisyon si ou dwe soti."

Gen yon avètisman Tanpèt nèj ki an vigè pou Konte Suffolk epi yon Avètisman Tanpèt Ivènal an vigè kounye a pou Konte Nassau, Vil New York, zòn Putnam, Rockland ak zòn Westchester yo. Pou ou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt meteyowolojik yo nan zòn ou an, vizite [sit entènèt](#) Sèvis Meteyowolojik Nasyonal (National Weather Service) la.

Preparasyon Ajans

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services)

Sant Operasyon Ijans Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) Eta New York la aktive epi l ap kontwole kondisyon yo deprè, kowòdone operasyon entèvansyon ajans Eta yo, epi rete an kontak avèk lokalite yo pandan tout dire evènman an. Estòk Eta a prepare pou deplwaye resous nan lokalite yo pou sipòte nenpòt bezwen ki gen rapò ak tanpèt la, sa gen ladan ponp, twonsonez, sak sab, jeneratris, bèso, lenn ak dlo nan boutèy.

Vandredi swa, Divizyon Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi (OFPC) an te aktive Sant Operasyon Ensandi yo nan Albany pou sipòte tout kesyon pou èd pandan move tan an. Anvan tanpèt la, OFPC te deplwaye kat UTV swivi, ki enkli 15 pèsonèl avèk veyikil sipò, nan Rezèv Bay Shore la. Ekip yo ka fonksyone kòm yon sèl inite oswa separe an de ekip de UTV yo chak si nesesè pou fonksyone nan plizyè kote.

Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT)

Depatman Transpò a te pibliye yon vitès konsilitatif ki se 72 kilomèt alè nan Long Island Expressway ak Parkway yo, epi mete restriksyon sou kamyon nan vwa dwat la sèlman nan Expressway Long Island la. Vitès konsilitatif sa yo sipòte pa siy mesaj varyab sou wout yo atravè Long Island.

Pou sipòte aktivite nèj ak glas nan zòn enpòtan yo, yo ap deplwaye yon total 94 anplwaye - ki gen ladan 70 operatè kamyon chasnèj, dis sipèvizè, sis mekanik siyal, kat mekanisyen, twa Asistan Enjenyè Rejyonal, yon ofisye sekirite ak de kamyon sèvis mekanisyen nan rejyon Long Island konsa a:

- Syosset te resevwa 10 operatè ak yon sipèvizè k ap soti nan Mohawk Valley
- Garden City te resevwa 8 operatè ak yon Asistan Enjenyè Rejyonal ki soti nan Rejyon Kapital la

- Riverhead te resevwa 10 operatè ak 2 sipèvizè ki soti nan Finger Lakes, ak 6 operatè ak 1 sipèvizè ki soti nan North Country
- Central Islip te resevwa 8 operatè ak 1 sipèvizè ki soti nan Southern Tier, ak 4 operatè ak 1 sipèvizè ki soti nan North Country
- Melville te resevwa 10 operatè ak 2 sipèvizè k ap soti nan Mohawk Valley
- North Merrick te resevwa 8 operatè ak 2 sipèvizè ki soti nan New York Santral, ak 4 operatè ki soti nan Rejyon Kapital la
- Babylon te resevwa 2 operatè ak 1 Asistan Enjenyè Rejyonal ki soti nan New York Santral, ak 1 Asistan Enjenyè Rejyonal ki soti nan Rejyon Kapital la
- Long Island Fleet Management te resevwa 2 mekanisyen ki soti nan Mohawk Valley ak 2 mekanisyen ki soti nan New York Santral
- Yo ap deplwaye yon Ofisyè Sekirite nan Finger Lakes nan Long Island, ansanm ak 2 mekanisyen siyalizasyon ki soti nan Rejyon Kapital la, 2 mekanisyen siyalizasyon ki soti nan Mohawk Valley, ak 2 mekanik siyalizasyon ki soti nan Southern Tier.
- Yo pral deplwaye ekip dechiktez ak pyebwa yo jan sa nesesè pou retire pyebwa ki tonbe nan wout yo epi yo pral evalye bezwen resous adisyonèl yo yon fason konstan pandan tout evènman an.

Y ap òganize tou kamyon remokaj nan Syosset, Riverhead, Medford, Hampton Bays, Central Islip, Melville, ak North Merrick pou elimine aksidan yo byen vit. Tout lokal rezidansyèl yo pral rete ak anplwaye yo pou operasyon yo 24/7 pandan tout dire evènman an. Flòt Mekanik nan zòn ki afekte yo ap gen anplwaye nan tout lye rezidans prensipal yo 24/7 pou fè reparasyon epi mentni kamyon yo sou wout la.

Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 1,596 gwo kamyon chasnèj
- 143 chasnèj mwayen
- 51 remòk chasnèj
- 322 gwo chajè
- 38 aparèy pou soufle nèj

Otorite Thruway

Otorite Twotwa (Thruway Authority) a angaje nan operasyon kont nèj ak glas yo ak 681 operatè ak sipèvizè.

Kantite ekipman ki genyen nan tout Eta a repati konsa:

- 252 gwo kamyon chasnèj
- 112 chasnèj mwayen
- 11 remòk chasnèj
- 67 gwo chajè

Akoz anpil nèj ak gwo van, limit vitès la sou Pon Gouv. Mario M. Cuomo a te bese a 56 kilomèt alè.

Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan ivè pandan yo sou Thruway la.

Otorite Thruway yo ankouraje otomobilis yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li an ki disponib gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou yo resevwa imèl [TRANSAlert](#) k ap bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway a [isit la](#).

Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation)

Ofisyé Lapolis Pwoteksyon Anviwònman DEC yo, Gad Forè yo, anplwaye Jesyon Ijans yo, ak anplwaye rejyonal yo nan eta dalèt epi y ap siveye sitiyasyon k ap devlope a epi y ap fè patwouy aktivman nan zòn ak enfrastrikti ki afekte pa move tan an. Tout resous ki disponib yo, ki gen ladan siyè yo, yo pare pou ede ak nenpòt repons ijans.

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation)

Tout Pak Eta Long Island yo pral fèmen tanporèman samdi maten kòm yon prekosyon pou sekirite. Vizitè pak yo dwe tcheke [parks.ny.gov](#) oswa rele biwo pak lokal yo pou yo jwenn dènye nouvèl konsènan lè fonksyònman pak yo, lè ouvèti ak fèmti yo. Lapolis Pak Eta New York ak anplwaye pak yo rete alète epi y ap swiv deprè kondisyon metewolojik ak empak yo. Ekip siyè yo annatant pou ede ak repons ijans

Depatman Sèvis Biblik

Sèvis biblik New York genyen apeprè 5,550 travayè disponib ki angaje nan evalyasyon domaj, efò entèvansyon, ak restorasyon atravè Eta New York. Pèsonèl ajans lan ap swiv travay sèvis biblik yo pandan tout evènman an epi y ap asire peryòd travay sèvis biblik yo gen pèsonèl ki apwopriye ak rejyon yo prevwa ki pi afekte yo.

Lapolis Eta New York

Lapolis Eta a ap ajoute patwouy siplemantè nan zòn yo prevwa k ap pi afekte pa tanpèt la, epi yo pare pou deplwaye manm Patwouy anplis, jan sa nesesè. Tout machin kat wou motris ak espesyalize Lapolis Eta a yo anplas ak pare pou entèvansyon imedyat, epi tout ekipman pou kouran ijans ak komunikasyon yo te teste.

Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) ak Canal Corporation

Anplwaye Otorite Enèji New York la ak anplwaye Canal Corporation yo ap fè preparasyon pou asire tout enstalasyon yo, resous yo ak ekipman yo byen sekirize epi ke yo prè. Otorite Enèji a prepare pou sipòte aktivite restorasyon enèji si sa nesesè.

Otorite Transpò Metwopoliten

Anplwaye MTA yo ap pare pou voye sèl, netwaye platfòm ak eskalye kote ki gen glas yo, epi kenbe siyal, entèriptè, ak twazyèm ray yo ap fonksyone, retire tout pye bwa ki tonbe ki ka tonbe sou santye yo, epi asiste nan tout defi ki lye ak kondisyon meteyo yo pandan tanpèt la. Akoz tan an, tout sit vaksinasyon ak tès MTA yo fèmen jodi a.

Long Island Rail Road te sispann sèvis sou tout anbranchman yo vè 8 a.m., Metro-North Railroad ap gen sèvis chak inèdtan sou Liy Hudson, Harlem ak New Heaven, ak sèvis ki sispann sou liy branch li yo. Metwo ak Bis New York yo ap fonksyone nan orè wikkenn nòmal yo. Yo te retire bis regilye yo nan sèvis nan tout Vil New York epi ranplase yo pa bis 40 pye nòmal ki ekipe ak chèn. Pon ak Tinèl MTA yo te aplike yon entèdiksyon sou trelè-traktè vid yo ansanm ak machin yo soti 12:01 rive 6:00 p.m. Li te fèmen nito siperyè Pon Verrazano-Narrows akoz kondisyon gwo van epi avize otomobilis yo pran prekosyon lè y ap kondui sou wout glas yo epi kondui ak vitès redui.

Kliyan yo ankouraje tcheke new.mta.info pou dènye mizajou sou sèvis, ak pou itilize prekosyon pandan y ap navige sistèm lan. Kliyan yo tou ta dwe enskri pou sèvis alèt an tan reyèl yo atravè mesaj tèks oswa imèl. Alèt sa yo disponib tou atravè aplikasyon MTA yo: MYmta, Long Island Rail Road Train Time ak Metro-North Train Time.

Otorite Pòtyè a nan New York ak New Jersey (Port Authority of New York and New Jersey)

Otorite Pòtyè a ap siveye kondisyon metewolojik yo deprè epi li te mobilize pèsonèl ak ekipman atravè enstalasyon li yo pou prepare epi reponn ak van nòdès ak gwo chit nèj la. Nèj ki akimile yo te lakòz reta ak anilasyon nan tout reyon an. Pou fasilité yo retire nèj atravè enstalasyon Otorite Pòtyè yo, ajans lan pral gen plis pase 480 pyès ekipman ak zouti ki pare ki gen ladan souflez nèj a gwo vitès, chasnèj, ak dejivrè yo.

Restriksyon pou vitès yo anvigè nan pon yo, ansanm ak wout pou ale ak pou sòti nan kafou yo.

Yo ap ankouraje pasaje atravè enstalasyon Otorite Pòtyè yo pou kontakte konpayi otobis ak liy ayeryèn yo dirèkteman pou dènye enfòmasyon sou reta ak anilasyon.

Plis pase 76 pousan vòl te anile nan Ayopò John F. Kennedy epi 98 pousan vòl te anile nan Ayopò LaGuardia. Nan ka gen entèripsyon sèvis nan AirTrain JFK, y ap asire bis gratis pou pasaje yo.

Yo ap ankouraje pasaje atravè enstalasyon Otorite Pòtyè yo pou kontakte konpayi otobis ak liy ayeryèn yo dirèkteman pou dènye enfòmasyon sou reta ak anilasyon. Pou dènye enfòmasyon yo sou etablisman Otorite Pòtyè yo, tanpri tcheke rezo sosyo yo, enskri pou [Alèt PA](#) yo oswa telechaje youn nan aplikasyon mobil PA yo, ki enkli [RidePATH](#) ki bay mizajou nan tan reyèl ak alèt pou sèvis PATH.

Konsèy sekirite

Deplasman nan sezon ivè

Prensipal kòz lanmò ak blesi pandan tanpèt ivè se aksidan transpò.

Anvan ou chita dèyè volan, pa blyie retire glas ak nèj ki sou machin ou an; bon vizyon se sekrè kondui byen. Planifye arè ou yo epi kite plis distans ant machin yo. Pote plis atansyon epi sonje pil nèj yo ka maske timoun ki pi piti yo. Toujou koresponn vitès ou selon kondisyon wout la epi selon meteyowolojik.

Li enpòtan pou chofè ki sou tout wout yo konnen vitès chasnèj yo se 56 kilomèt alè, sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki make a, pou yo ka garanti sèl yo simen an rete nan vwa sikilasyon yo epi pa dispèse andeyò wout yo. Anpil fwa sou otowout ant eta yo, chasnèj yo opere kòtakòt, kòm se fason ki pi efikas epi ki ofri plis garanti pou netwaye plizyè vwa yon sèl kou.

Chofè machin ak pyeton dwe sonje chofè chasnèj yo ka wè devan yo sou yon distans limite, epi gwochè ak pwa chasnèj yo ka fè l'difisil pou manevre epi frennen touswit. Nèj chasnèj la ap soufle dèyè li ka diminye vizibilite anpil oubyen kreye yon vwal blan.

Chofè machin yo pa ta dwe eseye double chasnèj yo, ni swiv yo twò pre. Kote ki gen plis sekirite pou chofè machin yo woule se lwen dèyè chasnèj yo, kote wout la klè epi gen sèl sou li.

Men kèk nan konsèy ki pi enpòtan pou woule ansekirite:

- Lè tanpèt ivè yo rive, pa kondui si li pa vrèman nesesè.
- Pran prekosyon sou pon yo paske li ka fè glas la pi vit pase sou wout yo.
- Fèy mouye ki sou wout yo kapab lakòz atè a glise, sa ki fè li enpòtan pou kondui pi dousman lè wap pwoche kote ki kouvri ak fèy yo.
- Verifye machin ou gen ladan lenn, yon pèl, flach ak pil anplis, rad cho anplis, yon pè chèn pou kawotchou, kab boutè pou batri, manje ki bay enèji rapid ak rad ki gen koulè klere pou sèvi kòm drapo detrè.
- Kenbe tank gaz ou plen pou evite gazolin nan friz.
- Si ou gen telefòn selilè oswa yon wòki tòki disponib pou w sèvi, kenbe batri a chaje epi kenbe l'avè ou tout lè ou ap vwayaje. Si ou ta vin bloke, ou ap kapab rele pou mande èd, enfòme sekouris yo sou kote ou ye.
- Asire ou ke yon moun konnen plan vwayaj ou.
- Pandan ou ap kondui, kenbe machin yo lwen glas ak nèj.
- Planifye arè yo epi kenbe distans ant machin yo. Toujou koresponn vitès ou selon kondisyon wout la epi selon meteyowolojik.

Koupi kouran

Si moun New York yo ap eksperimente yon entèripsyon kouran, moun New York yo ta dwe:

- Fèmen oswa dekonekte gwo aparèy ansanm ak lòt ekipman yo, sa vle di, òdinatè yo, nan ka yon sichaj elektrik momantane ki kapab andomaje aparèy sa yo. Kite yon limyè limen pou ou konnen lè kouran retounen. Konsidere itilize pwotektè kont wot tansyon tout kote ou itilize ekipman elektwonik.

- Rele konpayi itilite ou la pou ou fè yo konnen pa gen kouran epi koute emisyon radyo lokal ou yo pou enfòmasyon ofisyèl yo. Pou yon lis konpayi itilite yo, vizite Depatman Sèvis Piblik la.
- Tcheke pou w wè si vwazen w yo gen kouran. Voye je sou moun ki gen bezwen aksè ak bezwen fonksyonèl yo.
- Itilize flash sèlman pou ekleraj nan ka ijans – bouji ka lakòz dife.
- Kite pòt frijidè oswa frizè yo fèmen - pifò manje ki mande refrijerasyon yo ka rete nan frijidè an tout sekirite pandan plizyè èdtan. Yon frijidè ki rete fèmen pral kenbe manje yo frèt pandan apeprè kat (4) èdtan. Yon frizè ranpli pral kenbe tanperati I pou apeprè 48 èdtan.
- Pa itilize gri chabon anndan kay epi pa itilize fou gaz pou chofe kay la – yo ka emèt yon kantite monoksid kabòn ki danjere.
- Pandan tan frèt la, rete ocho lè ou mete plizyè kouch rad epi minimize tan ou pase deyò. Fè atansyon a sentòm estrès fredi lakoz yo (tankou ipotèmi) epi chache jwenn swen medikal apwopriye si ou vin gen sentòm sa yo.
- Si ou nan yon biling ki wo, pran mach eskalye epi ale nan nivo ki pi ba nan biling lan. Si w bloke nan yon asansè, tann asistans. Pa eseye fòsse ouvr pòt yo. Rete pasyan - gen anpil lè anndan asansè a epi li fèt pou sekirite pasaje yo.
- Sonje bay bèt domestik ou yo dlo fre.
- Elimine vwayaj ki pa nesesè, sitou nan machin. Siyal sikilasyon yo pral sispann fonksyone pandan yon entèripsyón, sa ki ap kreye anboutejay ak kondisyon ki danjere pou moun kondui. Si ou dwe kondwi pandan yon blakawout, sonje obeyi règ pou kanpe nan entèsekson ki gen 4 vwa yo ak siyal sikilasyon ki pa fonksyone.
- Sonje ke ekipman tankou ATM ak asansè ka pa fonksyone.

Pou plis konsèy sou sekirite, ale sou sitwèb Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) Eta New York la [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)